

Egzijans Vaksinasyon pou Lekòl ki Pa Piblik yo

Manm komisyon Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) pibliye yon lòd Manm Komisyon ki egzije pou pèsònèl k ap travay nan lekòl ki pa piblik pran vaksen kont COVID-19.¹ Li dokiman sa a pou jwenn enfòmasyon sou nouvo egzijans yo ak kijan pou obeyi yo.

Ki lekòl ki pa piblik lòd la konsène?

Lòd la valab pou lekòl ki pa piblik ki ofri ansèyman ak sèvis ki gen pou wè ak sa pou elèv apati de jadendanfan rive nan 12yèm ane oswa pou nenpòt pòsyon nan nivo ansèyman sa a (tankou yon lekòl elemantè oswa yon lekòl segondè), oswa ki ofri ansèyman kay yon elèv pou timoun k ap resevwa ansèyman an pèsòn lakay yo.

Egzijans la valab pou lekòl k ap sèvi elèv ki gen laj yo nòmalman sèvi yo ant jadendanfan ak 12yèm ane, menm si lekòl yo pa separe elèv yo an klas oswa lòt gwoupman menm jan an.

Kiyès ki oblije pran vaksen?

Pèsònèl lekòl piblik yo (ansanm, "pèsònèl la"), sa gen ladan anplwaye a plentan e a tan pasyèl ak pèsònèl granmoun ki pa touche (tankou pwofesè estajyè ak benevòl), dwe vaksinen. Pèsònèl yo bay egzansyon pou egzijans vaksinasyon an nan kad yon pwosesis akomodasyon rezonab pa oblije pran vaksen.

Kilè pou pèsònèl la pran vaksen?

Nan dat **lendi, 20 desanm 2021** pou pi ta, tout manm pèsònèl k ap travay nan yon lekòl ki pa piblik dwe bay prèv yo resevwa omwen yon dòz vaksen kont COVID-19. Manm pèsònèl ki resevwa premye dòz la sèlman nan yon vaksen de (2) dòz disi 20 desanm 2021 dwe pran epi bay prèv dezyèm dòz la nan yon delè 45 jou apre yo fin bay prèv premye dòz yo a.

Manm pèsònèl yo anboche nan dat oswa apre 20 desanm 2021 dwe bay prèv yo pran omwen yon dòz yon vaksen kont COVID-19 anvan dat y ap kòmanse a. Manm pèsònèl ki resevwa premye dòz la sèlman nan yon seri de (2) dòz disi dat yo kòmanse a dwe pran ak bay prèv dezyèm dòz la nan yon delè 45 jou apre yo fin bay prèv premye dòz yo a.

Ki vaksen kont COVID-19 manm pèsònèl la gen dwa resevwa pou respekte egzijans vaksinasyon an?

Vaksen ki akseptab yo se sa ki gen otorizasyon oswa apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman Ameriken an (U.S. Food and Drug Administration, FDA), tankou vaksen Pfizer, Moderna ak Johnson & Johnson yo, oswa sa Òganizasyon Mondyal Sante a (OMS) otorize pou itilizasyon dijans. Gen yon lis vaksen OMS otorize yo ki disponib nan [covid19.trackvaccines.org/agency/who](https://www.covid19.trackvaccines.org/agency/who).

¹ Ale sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche "[Order Requiring COVID-19 Vaccination for Nonpublic School Staff](https://www.nyc.gov/health/order-requiring-covid-19-vaccination-for-nonpublic-school-staff)" (Lòd ki Egzije Vaksinasyon kont COVID-19 pou Pèsònèl Lekòl ki Pa Piblik yo).

Vaksen ki fè pati yon eksperimentasyon klinik nan Etazini (kounye a, Novavax) akseptab sèlman pou manm pèsònèl k ap patisipe nan eksperimentasyon klinik la, ki dwe konfime yo resevwa yon vaksen aktif, pa yon plasebo.

Kisa sa vle di fin vaksinen nèt?

Pou fin vaksinen nèt, omwen de (2) semèn dwe pase depi manm pèsònèl la te pran dezyèm dòz yon vaksen de (2) dòz, oswa yon sèl dòz vaksen Johnson & Johnson nan. Yo konsidere moun ki te pran de (2) vaksen diferan fin vaksinen nèt si toude vaksen yo gen otorizasyon oswa apwobasyon FDA oswa OMS.

Ki dokimantasyon lekòl mwen an dwe kenbe?

Chak lekòl dwe kenbe yon fason sekirize dosye elektwonik oswa papye sou prèv vaksinasyon manm pèswonèl yo. Yo dwe kenbe dosye sa yo ajou e, dapre sa lalwa otorize, mete yo disponib pou Depatman Sante NYC an oswa moun li deziyen an sou demann. Lekòl yo dwe kenbe yon rapò k ap suiv enfòmasyon ki annapre yo:

1. **Non manm pèsònèl la ak dat li kòmanse ak travay la**
2. **Kalite prèv vaksinasyon li bay**, ki gen dwa gen ladan
 - Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC). Yon foto nimerik oswa fotokopi kat sa a akseptab tou.
 - Dosye Vaksinasyon NYC an oswa lòt dosye vaksinasyon ofisyèl, sa gen ladan sa yon pwofesyonèl medikal bay. Yon foto nimerik oswa fotokopi dosye sa a akseptab tou.
 - Enpresyon oswa foto aplikasyon NYC COVID Safe la
 - Enpresyon oswa foto Kat Sante CLEAR la
 - NYS Excelsior Pass/Excelsior Pass Plus
 - Dat yo te resevwa prèv vaksinasyon an
3. **Vaksen yo pran an ak dat yo resevwa dòz vaksen yo**
 - Yo pa bezwen endike twazyèm dòz ak rapèl.
4. **Èske manm pèsònèl la fin vaksinen nèt kounye a**
 - Pou manm pèsònèl ki pran premye dòz yon vaksen ki egzije de (2) dòz, yo dwe pran ak bay prèv dezyèm dòz la nan yon delè 45 jou apre yo fin bay prèv yo resevwa premye dòz la. Lekòl la dwe apre sa resevwa prèv epi **note dat yo te pran dezyèm dòz la**.
5. **Pou yon manm pèsònèl ki pa t bay prèv vaksinasyon COVID-19 poutèt yo te ba li akomodasyon rezonab, dosye a dwe endike yo te ba li akomodasyon sa a.**
 - Lekòl la dwe separeman kenbe dosye ki bay rezon akomodasyon rezonab la ak dokimantasyon dapui manm pèsònèl la bay konfòmeman ak lwa ki aplikab yo, sa gen ladan Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la (Americans with Disabilities Act).

Men yon egzanp enfòmasyon sou vaksen pou pran pou manm pèsònèl ou a:

Non manm pèsònèl la	Dat li kòmanse travay la	Kalite prèv vaksinasyon li bay	Vaksinasyon	Dat dòz 1 vaksen an	Dat dòz 2 vaksen an	Dat li bay prèv vaksinasyon an	Li te fin vaksinen nèt nan dat soumisyon an
John Doe	1/10/2020	NYS Excelsior	Pfizer	3/3/2021	4/5/2021	4/15/2021	Wi

Jane Doe	2/27/2018	Aplikasyon NYC COVID Safe la	Moderna	10/26/2021	Dwe pran li nan dat 12/6/2021 pou pi ta	11/1/2021 (Dòz 1)	Non
Tim Smith	4/5/2019	Kat Vaksinasyon CDC a	Johnson & Johnson	11/10/2021	Pa Aplikab	11/12/2021	Wi

Kijan pou mwen pran desizyon sou akomodasyon rezonab?

Manm pèsònèl la gen dwa mande egzansyon pou egzijans vaksinasyon an poutèt yon pwoblèm medikal oswa yon kwayans relijye. Gen yon kantite tou piti pwoblèm medikal ki gen dwa anpeche yon moun pran vaksen kont COVID-19. Demann egzansyon medikal yo dwe ekri epi gen siyati yon doktè ki gen pèmi, yo dwe di klèman rezon egzansyon yo mande a (ki dwe konfòm ak enstriksyon CDC yo), epi yo dwe sètifye ke vaksinasyon an gen dwa pa bon pou sante manm pèsònèl la. Dokimantasyon an dwe gen kont enfòmasyon pou decide si gen yon kontrendikasyon medikal a vaksinasyon an epi presize pandan konbyen tan vaksinasyon an kontrendike medikalman.

Pou plis enfòmasyon sou kontrendikasyon a vaksinasyon, ale sou [cdc.gov](https://www.cdc.gov) epi chèche "**Interim Clinical Considerations for Use of COVID-19 Vaccines Currently Approved or Authorized in the United States**" (Konsiderasyon Klinik Enterimè pou Itilizasyon Vaksen kont COVID-19 ki gen Apwobasyon oswa Otorizasyon Kounye a nan Etazini). Pou enfòmasyon sou akomodasyon rezonab, ale sou paj entènèt Pwogram Vaksinasyon Nan Travay (Workplace Vaccination Program) CDC an (ale sou [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community), agrandi meni dewoulan "Workplaces & Businesses" (Lye Travay ak Biznis) sou bò gòch paj la epi chwazi "**Workplace Vaccination Program**" (Pwogram Vaksinasyon nan Travay)) ak sit entènèt sou COVID-19 Komisyon sou Chans Egal nan Zafè Travay la (ale sou [eeoc.gov](https://www.eeoc.gov) epi chèche "**What You Should Know About COVID-19 and the ADA, the Rehabilitation Act, and Other EEO Laws**" (Sa Ou Dwe Konnen Sou COVID-19 ak ADA, Lwa sou Reyabilitasyon an, ak Lòt Lwa EEO)).

Si yon lekòl decide li pral bay yon manm pèsònèl akomodasyon rezonab, lekòl la dwe decide tou ki fòm akomodasyon dapre sikonstans endividyèl yo ak jan lekòl la ofri lòt akomodasyon. Kòm egzanzp akomodasyon gen bay manm pèsònèl la travay nan zòn kote pa gen timoun; egzije pou manm pèsònèl la fè tès pi souvan, sa gen ladan tès lakay regilyèman; epi egzije pou manm pèsònèl la mete de kachnen oswa yon kachnen siperyè epi kenbe omwen 6 pye distans ak lòt moun nan lekòl la.

Manm pèsònèl ki pa vaksinen yo pral kontinye poze pi gwo risk transmisyon pou timoun yo ak granmoun yo nan lekòl yo, e administratè lekòl yo pral oblije fè ekilib ant enterè manm pèsònèl la ki pa vaksinen an ak enterè pwoteje kominote eskolè yo a kont transmisyon COVID-19.

Ki prèw konfòmite ak lòd vaksinasyon an lekòl ki pa piblik yo dwe bay?

Lekòl yo dwe bay afimasyon yo konfòm yo ak lòd vaksinasyon an.

- Yo dwe soumèt premye afimasyon an (ki disponib nan [nycdoh.mh.surveymonkey.com/r/9G3CBMB](https://www.nycdoh.mh.surveymonkey.com/r/9G3CBMB)) nan dat **madi, 28 desanm 2021** pou pi ta.
- Yo dwe soumèt yon afimasyon final (ki disponib nan [nycdoh.mh.surveymonkey.com/r/CZ6RNNZ](https://www.nycdoh.mh.surveymonkey.com/r/CZ6RNNZ)) nan dat **jedi, 17 fevriye 2022** pou pi ta.

Kijan y ap fè respekte egzijans sou vaksinasyon yo?

Lè gen enspeksyon, lekòl yo dwe demontre yo kolekte ak kenbe, jan sa obligatwa a, dosye sou vaksinasyon pèsònèl la oswa tout akomodasyon rezonab. Depatman Sante NYC an pral bay edikasyon sou mank nan respekte kondisyon dosye, esklizyon pèsònèl oswa afimasyon yo. Tout mank konfòmite ki genyen gen dwa lakòz yon asiyasyon ak yon amann 1,000 dola oswa lòt mezi pou fè aplike lalwa.

Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo?

Pou plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo, ale sou nyc.gov/covidvaccine. Vaksen kont COVID-19 yo san danje, yo bay rezilta e yo gratis. Manm pèsònèl la kapab jwenn yon kote yo bay vaksen nan nyc.gov/vaccinefinder oswa yo kapab rele 877-829-4692. Manm pèsònèl la kapab mande vaksinasyon lakay tou lè yo ale sou nyc.gov/homevaccine oswa lè yo rele 877-829-4692.

Ou gen kesyon?

Si ou gen kesyon, rele **311** epi mande pou “nonpublic school vaccinate mandate” (lòd vaksinasyon pou lekòl ki pa piblik yo).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 12.15.21